

Woba ufise umugenzi w'umunyamwema?

Umaze gusoma vyinshi cane ku bijanye n'umugenzi wawe
w'umunyamwema n'ibituma adasa nkawe canke nk'abandi bana. Urakuze
bikwiye kugira utahure insobanuro z'ubuhinga canke ibijanye no
guhanahana ubuzima, kandi wadusavye no kubigusobanurira.

Bigenda uku: Umuvyeyi w'umugore wese arafise muri we amagi mato cane
avamwo umuntu. Guhera igihe c'ibukumi, irigi rimwe canke rimwe na
rimwe amagi arenga rimwe, rirasohorwa mu giterekero buri kwezi. Umuvyeyi
w'umugabo wese arafise muri we, ni ukuvuga, mu magara yiwe, imbuto
zivamwo umuntu ntoy i cane. Zirasohorwa kenshi kandi n'igihe cose
umugabo n'umugore bagize amabanga mpuza bitsina. Ayo magi nizo mbuto
bimeze nk'imbuto z'umuntu mushasha. Bitari kumwe nta na kimwe ari
umuntu, mugabo mu gihe bihuye, umuntu mushasha aba akozwe.

Naho ari nto cane, irigi ryose n'imbuto yose zitwaye uburyo bwo
kwimenyekanisha muri yo, ubwo buryo bukozwe mu bintu vy'ubuhinga
buhanitse bwitwa ibivamwo umwana. Iyo irigi n'imbuto bihuye kandi
umwana mushasha akaba akozwe, urwo ruhinja ruronka ivyo bintu vyo
kwimenyekanisha bivuye ku bavyeyi bompi. Ivyo bintu vyo
kwimenyekanisha ni vyo bihitamwo ingene uruhinja ruzomera. Umuvyeyi
w'umugore afise igice c'ibivamwo umwana, umuvyeyi w'uwigabo akagira
ikindi gice c'ibivamwo umwana. Iyo ivyo bivamwo umwana bihuye,
uruhinja ruba ruronse ibikwiye birufasha gukura.

Ivyo bintu vyo kwimenyekanisha vyitwa ibivamwo umwana nivyo bivuga
ko uruhinja ruzoba umuhungu canke umukobwa, nimba ruzoba
uwuvyibushe cane mutomoto, nimba ruzogira imishatsi y'intetere canke
y'irende. Ivyo bintu vyo kwimenyekanisha nivyo bivuga ingene urukoba
rw'urwo ruhinja ruzoba rumeze, ingene amaso yarwo azoba ameze. Ivyo
bintu vyo kwimenyekanisha vyitwa ibivamwo umwana, ni vyo vyerekana
ibintu vyose ku bijanye n'umwana mushasha. Ingene uruhinja rugenda
rurakura mu nda ya nyina, ibivamwo umwana bigenda birarubwira ingene
rukura. Uko ni ko Imana yateguye uko umuntu mushasha akura.

Abantu bamwe batwara ibivamwo umwana bibwira uruhinja ruriko rurakura ngo, "Kora urukoba rwirabura cane." Umubiri ukora ivyo mu kugira ku rugezo runini ivyo bita meranine. Ni vyo bironsa urukoba ibara ryarwo. N'abazungu barafise meranine mu rukoba rwabo, ariko abirabure bayifise ari nyinshi cane. Abantu bamwe rero batwara ibivamwo umwana bibwira uruhinja ruriko rurakura ngo, "Kora meranine nyinshi" Mubihugu bifise izuba cane, ni vyiza ko haba meranine nyinshi mu mubiri kuko meranine ikingira urukoba imishwarara yonona y'izuba.

Abantu bamwe bafise ibivamwo umwana bibwira uruhinja ruriko rurakura ngo, "Ntukore meranine." Iyo urukoba rw'uruhinja rudakoze meranine, ntiruzogira urukoba rwirabura. Iyo ari umuvyeyi umwe afise ivyo bivamwo umwana bitagira meranine, uruhinja ruzokwirabura, kuko ibivamwo umwana vy'uwundi muvyeyi bizoguma bigira biti, "Kora meranine."

Ariko rimwe na rimwe, abantu babiri burubakana bose bafise ibivamwo umwana bivuga ngo, "Ntukore meranine." Ivyo biragoye gutahura kuko abo bavyeyi bashobora kuba birabura nabo, ariko bashobora kuba bafise kimwe mu bivamwo umwana kibuga ngo, "Ntukore meranine" Iyo ivyo bivamwo umwana bibiri bihuye, umwana azoba nyamwema.

Uwo mwana rero azokura nkuko bisanzwe. Azomera nkawe, ariko ntazogira meranine na nke canke ibitanga ibara mu rukoba rwiwe canke mu mishatsi canke mu maso. Igihe azovuka, uzoshobora kubona amaraso mu rukoba rwiwe, azoca rero asa nk'uwutukura cane.

Ukwo kuntu kwo kutagira ibitanga ibara canke meranine mu rukoba no mu mishatsi no mu maso kwitwa ubunyamwema. Si indwara, urashobora rero gukora ku rukoba rw'umwana w'umunyamwema. Ntuzoca uhinduka umunyamwema! Ameze nk'abandi bana kiretse ko adafise gusa ibitanga ibara mu rukoba rwiwe.

Imiryango imwe ifise abana b'abanyamwema batari bake, mungihe iyindi miryango ifise abana birabura n'abana b'abanyamwema.

Ikintu nyamukuru co kwibuka n'uko Imana ikunda umugenzi wawe w'umunyamwema agira ibitanga ibara canke atabigira. Turizeye ko nawe umukunda.

Nimba ufise ibindi bibazo ku bijanye n'ibi, urashobora kutwandikira igihe cose kuri Ibikorwa kwa Buri Mwana (ECM).

Imana iguhezagire, kandi urakoze kuba uri umugenzi wa bose.

Abagenzi bawe bo muri “Ibikorwa kwa Buri mwana” (ECM)

Ishirahamwe rukirisu ridakorana na Leta rizana ivyizigiro “ku bana bibagiwe bo muri Afrika”

Kubera abana ari amikoro ya mbere ahambaye kuri buri gihugu-Ubutunzi bwiza buva ku Mana!

Agasandugu k'amakete 28080

Kampala, Uganda

e-mail: ecmuganda@yahoo.com

Vyateguve na Ibikorwa kwa Buri Mwana
“Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika”
Email ecmafrica@ecmafrica.org
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe

